# МагIарулазул маргъу

Magharul Matz


Цо оц букIанила анцIила
лъабго километралъул халалъиялъул.


Боржунги бачIун


кIудияб цIумалъ


босун анила гьеб оц


ва лъунила мугIрул тIогьиб бугеб
дагIнил лълъурдузда тIад



ва байбихьанила цIумалъ оц кваназе.


ДагIнида лъазецин лъачIила жиндир лълъурдузда
тIад оцгун цIум рещтIараблъи.


Доб оцалъул гIицIго рукьби гурони
хутIичIеб мехалда


байбихьанила хехаб цIад базе,



пунила кутакал гьурал.


ЦIадаца биччараб дагIница


бетIер кIобокIизабунила тIаса лъим ине.


ьурдузда тIад рукIарал
оцол рукьбуздаса цо
бугьналага гьороца
хъамунги ун
гIияда вугев вехьасул бадибе анила.



Вехьасда тIоцебе лъачIила бадибе жо ккун букIин, амма бер унтизе лъугьарабго гьес бицанила росдада жиндир бадибе цо жо ккараб гIадин бугин, гьеб бахъизе кумек хIажат бугин.


Ва анила гIадамал вехьасухъе
лъабкъого гамушги бачун
вехьасул бадибе ккараб
оцол бугьналага бахъизе.
Бахъанила гамушазул кумекалдалъун
росдаца гьеб къватIибе.

Гьеб къватIибе бахъарабго гъоркь
рукIарал ригьзалги риххун гьелда тIад
банила цIияб росуги,
щулалъиялъе букIине.
Амма мех-мехалда сардилъ росу
багъарахъдизе лъугьанила.

РитIанила гIолохъаби тункIалгун росу цIунизе. Батанила цо кIудияб цер росда гъоркьа баккараб оцол бугьналага хъарсизе бокьун квалквадулеб ва чIванила гьеб цер.



Царадаса бахъараб цIоко бикьанила кIийиде. Бащдаб цIакидаса тIубараб росдае тIингъал гьарунила, бащдаб цIоко цо къоролалъе тIингъил къвалалъецин гIечIила.



# Гьанже нужеца бице, гьаб маргьуялъулъ бищунго кӀудиял щал ккарал?

Оцищ ?

ЦӀумищ ?

ДегӀенищ ?

Вехьищ ?

Церищ ?

Къоролайищ ?